# Xasiidag Sakuuru Raafihu

1- Samag cant ñeel na Yàlla mu Tedd mi, moom mi nga xam ne ab Santkat la, maa ngi yaakaar ci moom xéewal yu masul am fenn tay ak ëllëg.
2- Bind naa ngir sant ko moom sunu Boroom, li may yaakaar ci moom mooy ag texe, doon it ku koy sant bu baax ak di ko fàttaliku saa su ne.
3- Ci weeru gàmmu wii, laa jëme sama jëmm jépp ci sama Boroom, moom mi nga xam ne moo gën a tedd, mooy Aji-yékkatiku, mooy Aji-maye, di ab Santkat.
4- Yaakaar naa ci moom, mu gërëm samay jëf te yékkati ko tay jii, moom mu baax miy ab Jéggalekat.
5- Yaakaar naa mu faral ma (Effacer) mbooleem rëcc rëcc yi, te tàggatal ma yéefar yi ba fàww.
6- Maa ngi wàqante ak moom ci géej gi di ku tumurànke, Moom Yàlla deñul mukk di doon ku Màgg, di Aji-noot di Boroom doole.
7- Yaw sama Boroom bett nga ma ak ay xéewal, may ma nag ma dellu ca jéeri ja, (Sama réew) te nga tàggatal ma képp ku may sóoru. (noon yi)
8- Yal nanga dolli xéewal ak jàmm ci Yónnent bi SHW ak gaa ñu tedd ña, te nga yékkati ma, ginnaaw yékkati gi, nga dolli ma ay xéewal yu masul am fenn.

<u>Moor Suraŋ</u>